



LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC.

Chesterfield Smith Center for Equal Justice
3000 Biscayne Boulevard, Suite 500 • Miami, FL 33137-4129
(305) 576-0080 • Fax: (305) 573-5800 • TDD: (305) 573-1578
www.lsgmi.org

JOHN W. McLUSKEY
President

GARRETT J. BIONDO
1st Vice President

VASHTI ARMBRISTER
2nd Vice President

BENJAMIN L. REISS
Treasurer

GISELA M. MUNOZ
Secretary

DARRELL PAYNE
Immediate Past President

MARCIA K. CYPEN
Executive Director

BENEFIS “UNEMPLOYMENT” PASYÉL

Si ou ta-p travay an plen tan epi yo diminye lé travay ou de fason sibstansyé, ou ka elijib pou ou resevwa benefis “unemployment” pasyé. Pannan pa gen on definisyon klé sou “rediksyon sa ki rele sibstansyé la/substantially reduced,” on rediksyon lé travay ki vo 25% ka konsidere kòm on rediksyon sibstansyé.

Ou ka elijib tou pou ou resevwa benefis “unemployment” pasyé si yo te voye ou la kay ou pou on titan/laid off o sinon si yo te revoke ou epi depi lé sa-a ou aksepte travay a tan pasyé (part-time employment). Si ou te aplike pou travay a tan pasyé, ou dwe vle epi pare pou ou aksepte travay ki fé ke ou kapab aksete travay an plen tan. Sa vle di ke pannan ke ou ap resevwa benefis “unemployment,” ou dwe dakò pou ou chèche travay ki ka bay ou travay an plen tan.

KONSIDERASYON EMPÓTAN

*Ou dwe tap travay pou on valé tan anvan pou ou elijib pou benefis “unemployment.”

*Si tribinal te òdone ou pou ou peye “child support,” “Department of Revenue” ka entésepte benefis ou epi peye “child support” ak on pati nan benefis ou.

* Benefis “Unemployment” kote yo dedwi taks la dan-l.

*Si ou kite travay a tan pasyé ou a pou ou kapab aksepte on travay an plen tan, ou pral dwe montre ke lajan ke ou fé nan travay an plen tan ou an o mwens se 17 fwa montan pa semén-n benefis UC ou a ke ou te elijib pou ou resevwa-a de fason pou ou ka toujou elijib pou ou benefis UC.

RAPÓ SALÈ (WAGE TRANSCRIPT) OU

Si ou deside pou ou aplike pou “unemployment,” ou pral resevwa on Rapò Salé epi on notis Detéminasyon nan 7 rive 14 jou. Si ou elijib pou benefis, Rapò Salé ou pral montre montan benefis “maximum” ou. Si ou pa dakò avék nimpòt ki enfòmasyon ki nan Rapò Salé ou a, ou gen 20 jou kòmanse nan dat notis Rapò Salé a te fét la pou ou apél. Ou ka rele Legal Services of Greater Miami, Inc. (LSGMI) pou asistans.

KI KOTE OU KA JWEN APLIKASYON “UNEMPLOYMENT” EPI APRAN PLIS SOU SA

Pou plis enfòmasyon konsénan enfòmasyon sou benefis “unemployment” ou epi pou ou pran on aplikasyon “Unemployment Compensation,” vizite “One-Stop Career Center” ki pi pré ou a. nan “One-Stop Center” a, mande pou ou ti livré ki rele “Florida’s Unemployment Compensation Claims Services.” Ou ka jwen ti livré sa-a tou a travé sit enténèt

<http://www.floridajobs.org/unemployment/claimsservices/default.htm>, o sinon ou ka kontakte biro LSGMI pou on fotokopi.

APLIKASYON SOU ENTÈNÈT

Fason ki pi fasil epi ki pi efikas pou ou aplike pou “Unemployment Claim” se sou enténèt. Ou ka fé sa lé ou ale nan <http://www.myflorida.com>. Seleksyone “Unemployment/Reemployment” lé ou fin-n klike sou “View e-Government Services.” Li pral pran 30 minit rive in hé de tan pou ou rampli reklamasyon sa-a.

